

Èd pou fè Devwa Lakay:

Chwazi yon moman regilye pou timoun yo fè devwa

Pitit ou pral benefisye lè li genyen yon orè e si li konsistan avèk orè a. Lè ou mete yon konomèt pou kontwòl kantite tan yo ap fè devwa yo sa ap ede kèk timoun ki kapab ap trennen nan pwosesis la. Pa bliye chita avèk pitit ou oubyen chwazi yon andwa ke ou ka toujou obsève sa li ap fè epi patisipe nan pwosesis la.

Retire distraksyon

Fèmen tout bagay! TV, telefòn, tablèt, konvèsasyon. Anfen, nenpòt distraksyon ki kapab lakoz timoun nan pa konsantre. Genyen kèk elèv ki renmen mizik trankil nan anviwònman yo men eseye chwazi pase mizik enstrimantal. Si ou abite nan yon ti kay oubyen yon kote ki genyen bri, ou kapab bezwen fè sa nan yon tan pou TOUT manm fanmi yo angaje nan aktivite trankil tankou fè lekti pandan timoun nan ap fè devwa li.

Patisipe nan devwa pitit ou

Mennen diskisyon sou devwa a. Eske pitit ou konnen kisa pou li fè? Kòman pou li konplete devwa a? ki etap ki dwe konplete? Ou pa bezwen nesesèman konnen repons yo pou poze kesyon epi revize devwa a. Verifye si yo konplete devwa a, si yo konprann li e ki efò yo anplwaye pou konplete devwa a. Eseye felisite yo pandan tout pwosesis la.

Nou genyen seminè disponib nan anpil lekòl. Vizite sitwèb nou an pou jwenn dat lòt seminè ki kapab enterese ou! Anplis, nou genyen videyo ak konsèy pou paran nan sitwèb nou an ak sou Twitter!

Nou mande pou vizite sitwèb nou an nan <http://www.collierschools.com/pi> pou plis enfòmasyon!

